



Pou Piblikasyon Imedya: 03/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO LANSE KANPAY 'LITE POU PEMAN EGAL 'FIGHT FOR FAIR PAY'

*Gouvènè Cuomo, Lidè travay yo te ralye nan Buffalo pou sipòte ogmantasyon salè minimòm nan New York*

*Gouvènè a devwale yon [Sitwèb](#) Lite pou Peman Egal pou ede rasanble sipò pou peman egal*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te lanse kanpay “Lite pou Peman Egal” yon apèl pou aksyon pou ogmante salè minimòm nan New York ane sa a. Kanpay la gen ladan yon sitwèb, [www.ny.gov/FightForFairPay](http://www.ny.gov/FightForFairPay), sa ki bay enfòmasyon ak resous sou enpòtans pou ogmante salè minimòm nan Eta. Gouvènè a pwopoze pou ogmante salè minimòm nan tout eta de \$10.50 pa èdtan a \$11.50 pa èdtan nan Vil York. Jodia, Gouvènè te rejwenn lidè travay ak kominote yo nan Buffalo pou ralye pou ogmantasyon salè minimòm sa ki ta pèmèt plis Nouyòkè pi byen sipòte tèt yo ansanm avèk fanmi yo. Pandan pwochen semèn yo, Gouvènè a ak manm kabinè li yo pral vwayaje toupatou nan Eta pou rekeyi sipò pou pwopozisyon Gouvènè a epi fè li vini yon reyalyte.

“Siksè ki pi dous e ki pi sen se sa kap pèmèt tout moun fonksyone byen ansanm— se tout sa kominote vle di,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Kòm ekonomi nou an ap rekipere e biznis nou yo ap ajoute nouvo djòb, nou bezwen pou asire ke tout mendèv nou an gen opòtinite pou l patisipe nan rekiperasyon ekonomik la ak nouvo elan nap obsève nan tout kwen yo nan Eta. New York te toujou yon lidè nan pwoteje travayè nou yo ak bati kominote ki pi solid, e ane sa a nou dwe kontinye ale delavan nan lite pou peman egal ak ogamnte salè minimòm nan tout eta.”

Salè minimòm aktyèl Eta se \$8.75 pa èdtan, sa ki tonbe anba mwayèn salè minimòm nan Eta. Nan 2012, Gouvènè a te siyen lejislasyon an lwa ki te ogmante salè minimòm nan de \$7.25 a \$9 pwogresivman nan 31 desanm 2015 pou pi byen aliyen depans lavi toupatou nan Eta. Toutfwa, kòm depans lavi nan New York kontinye ap ogmante, Gouvènè a pwopoze yon fwa ankò pou ogmante salè minimòm pou ogmante revni pou anpil moun ki touche salè nan fanmi ki gen revni fèb yo, sa ki pral egalman ede ekonomi lokal yo. Biznis ak òganizasyon travay yo sa ki gen ladan Konsèy Komès andetay nan Eta New York, Hotel and Motel Trades Council, 1199 SEIU, 32BJ SEIU ansanm avèk lòt yo sipòte efò Gouvènè a pou ogmante salè minimòm nan.

Yon salè minimòm rezonab se yon nesese nan fason pou ogmante estanda lavi pou travayè yo, bay pratik ki jis ak pi efikas pou biznis yo, epitou asire manm ki pi frajil mendèv la kapab kontribiye nan ekonomi an.

Depatman Travay Eta New York pwojete ke ogmantasyon ki pwopoze a nan salè minimòm andeyò Vil New York pral jenere \$1.5 milya chak ane nan ogmantasyon salè, avèk \$1.9 milya dola chaj chak ane nan ogmantasyon salè nan Vil New York — pwente a plis pase \$3.9 milya nan salè elve nan tout eta, yon ogmantasyon enpòtan pou ekonomi eta.

### **Estatistik Kle pou Travayè yo ki touche Salè minimòm nan Eta New York**

- Aktyèlman gen plis pase 594,000 travayè ki touche salè minimòm (\$8.75) nan Eta New York.
- Ogmante salè minimòm nan pral ede adilt yo:
  - 55% nan travayè ki touche pa èdtan yo ap touche \$10.50 oswa mwens andeyò NYC yo gen plis pase laj 25 ane.
  - 34% nan travayè ki touche pa èdtan yo ap touche \$10.50 oswa mwens andeyò NYC yo gen plis pase laj 35 ane.
  - 75% nan travayè ki touche pa èdtan yo ap touche \$11.50 oswa mwens nan NYC yo gen plis pase laj 25 ane.
  - 51% nan travayè ki touche pa èdtan yo ap touche \$11.50 oswa mwens nan NYC yo gen plis pase laj 35 ane.
- Ogmante salè minimòm nan pral ede fi yo:
  - 57% nan travayè ki touche pa èdtan yo ap touche \$10.50 oswa mwens andeyò NYC yo se fi.
  - 55% nan travayè ki touche pa èdtan yo ap touche \$11.50 oswa mwens andeyò NYC yo se fi.
- Ogmante salè minimòm nan nivo Gouvènè a ap pwopoze a pral retire plis pase 100,000 Nouyòkè nan povrete.

Wap jwenn plis enfòmasyon sou fè ki gen rapò pou ogmante salè minimòm nan New York disponib [la](#).

Semèn pase, Gouvènè a te aplodi desizyon Depatman Travay Eta pou ogmante salè minimòm pou travayè poubwa yo a \$7.50 pa èdtan – salè ki pi elve pase toutan pou travayè poubwa yo nan New York – apati 31 desanm 2015. Sa a te baze sou rekòmandasyon Komisyon Salè a, ke Depatman an te konvoke sou demann Gouvènè a nan 2014 pou revize epi rekòmande chanjman nan règleman pou travayè yo kap travay nan sèvis manje ak anplwaye sèvis yo. Depatman an te aksepte yon kantite

rekòmandasyon Konsèy la osijè travayè poubwa yo, enkli ogmantasyon salè minimòm.

Pwopozisyon Gouvènè a pou ogmante salè minimòm nan se yon pati nan yon [plan 10-pwen](#) pou konbat povrete ak lite kont inegalite sa ki enkli nan Ajanda Opòtinite 2015 lan:

1. Ogmante salè minimòm nan \$10.50 nan tout eta ak \$11.50 nan NYC.
2. Elaji gwoup travay chomaj nan dis zòn ki gen pi wo nivo chomaj pou ede asire ke chak Nouyòkè ki vle yon travay ka jwenn youn.
3. Double finansman pou Pwogram Jèn lben yo pou konbat pousantaj chomaj twò elve ki pa akseptab lakay jèn yo nan sant vil la nan kominote yo toupatou nan New York.
4. Envesti Plis pase \$486 Milyon nan Lojman pou Nouyòkè Vilnerab yo.
5. Envesti \$220 Milyon Adisyonèl nan Sèvis Sanzabri.
6. Envesti \$183 milyon pou sipòte Pwogram Lojman NY/NY IV pou kreye inite lojman sipò adisyonèl pou popilasyon yo ki bezwen yon èd anplis.
7. Angaje \$4.5 Milyon pou avanse Gwoup Travay kont Grangou.
8. Kreye yon Pwogram Non Pwofi Envestisman Enfrastrikti Kapital \$50 milyon pou amelyroè kalite, efikasite, aksesibilite, ak atenn òganizasyon sèvis imen non pwofi yo ki travay avèk Nouyòkè yo.
9. Ogmante Opòtintie MWBE rive 30 pousan.
10. Pwogram Padon Prè pou retounen sou pye ou fèt pou ede rezidan Eta New York ki elijib yo ki diplome nan kolèj e ki kontinye ap viv nan eta pou yo pa peye anyen sou prè etidyan yo pou premye dezan apre yo soti lekòl.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418